



BYENVINI NAN SANT DAKÈY MEDIKAL OU AN

Nan non Konsèy direksyon an, Prezidan ak Prezidan Direktè Jeneral la ansanm ak Pèsonèl Community Health of South Florida, Inc (CHI), nou ta renmen swete ou byenvini nan Sant dakèy medical ou an. Objektif nou se pou bay swen ki ekselan e ki pou depase sa ou ta atann lan.

Kounye a nou pral ba ou kèk enfòmasyon ou kapab bezwen konnen sou CHI. Li te etabli nan ane 1971 pou satisfè bezwen swen santé nan kominote nou an. Nou pran angajman pou ba ou bon kalite swen sante ki aksesib pou tout moun ; sa vle di moun ki gen asirans, sa ki pa gen asirans ditou, oubyen ki pa gen ase kouvèti asirans. Avèk ane ki pase yo, nou vin agrandi pou fè yon gwo òganizasyon ki gen plis pase 600 moun nan pèsonèl li, 60 pwofesyonèl medikal epi plis pase 35 diferan sit.

Pou ede nou founi pi bon kalite swen e ki reprezante mwens danje pou ou, nou ta renmen fè ou konnen enfòmasyon sa yo sou Sant Dakèy Medikal ou epi sou sèten endikasyon pou garanti sekirite ou.

SANT DAKÈY MEDIKAL

Yon Sant dakèy medikal se yon sant kote ou gen yon relasyon pèsonèl ak Ekip swen ou an. Ekip swen ou an gen ladan-l' Doktè oubyen Pwofesyonèl medikal ou, Pèsonèl enfimye, Spesyalis sou sèvis finansye epi Kowòdonatè swen tou. Ekip sa a gen pou objektif pou li jere e pou li fasilite tout bezwen ou genyen nan sa ki gen pou wè ak swen sante ou.

Nan Sant dakèy medikal ou, ou kapab atann bagay sa yo :

1. Ou kapab chwazi oubyen nou kapab chwazi pou ou tou youn nan Doktè yo, Pwofesyonèl swen sante yo epi Ekip swen nou yo. Pou ou chwazi yon Pwofesyonèl swen sante sèl bagay ou gen pou fè se fè pèsonèl lan konn sa lè ou enskri oubyen nan nenpòt moman pandan wap resevwa swen yo.
2. Nou pral fè tout efò pou asire Ekip swen k'ap okipe ou la satisfè tout sa ou bezwen kòm randevou e swen. Nou pral mande ou ban nou yon koutmen nan sa. Silvouplè pwograme tout randevou yo avèk menm Ekip lan, epi mande pou wè yo menm lè ou vini san ou pat pran randevou. Pa gen okenn pwoblèm si ou vle pwograme yon randevou avèk yon Ekip swen lè ou vle.
3. Ekip swen an responsab pou tout vizit ou, pou refere ou bay spesyalis oubyen a laboratwa pou analiz, pou renouvle preskripsyon epi pou bay repons pou nenpòt kesyon ou kapab genyen epi pou ede ou ranpli fòmilè tou.
4. Pou ou kapab wè Ekip swen ou lan, ou mèt **pran yon randevou** lè ou rele nan nimewo 305-252-4820 pandan lè biwo yo ouvè nomalman, oubyen ou kapab kite yon mesaj nan Sèvis reponnè telefòn nou an lè ou rele andeyò de lè sa yo, sètadi nan aswè, pandan wikenn oubyen nan jou ferye. Pèsonèl lan ap retounen apèl ou nan pwochen jou ouvrab pou pran randevou an. Ou kapab tou pran yon **randevou pou le landemen** oubyen **pou menm jou an** avèk Pwofesyonèl swen sante ou lan.
5. **Ou kapab rele nou 24 è pa jou, 7 jou pa semenn** si ou gen nenpòt pwoblèm oubyen preyokipasyon lè ou rele nan nimewo **305-253-5100**. Yo pral konekte ou avèk Ekip swen ou lan oubyen yon lòt nan bon kalite Pwofesyonèl swen sante nou yo Kapab ranplase nou lè nou pa la.
6. Li posib pou ou genyen kèk pwoblèm oubyen preyokipasyon ke nou pa kapab okipe isit nan CHI. Pou pèmèt nou okipe tout bezwen ou nan sa ki konsène swen sante ou, sa kapab rive pou nou oryante ou yon lòt kote pou ou konsilte ak Spesyalis oubyen pou tès ak entèvansyon. Objektif nou se pou nou okipe de tout ranvwa referans bay Spesyalis epi pou entèvansyon anvan 7 jou ouvrab pase. Si nan 2 semenn, ou pa resevwa okenn enfòmasyon sou yon referans silvouplè kontakte nou nan nimewo 305-278-6427. Nou pran mwens pase 3 jou pou nou okipe ranvwa referans ijan, si gen nesèsite. Li enpòtan pou ou veye pou ou fè swivi avèk nou apre tout ranvwa referans sa yo. Si nou pa diskite spesifikman rezilta konsiltasyon ki fèt andeyò sant nou an, epi etabli yon plan pou swen ou gen pou ou resevwa, silvouplè pa sipoze kerezilta yo soti nòmal.
7. Ekip swen ou an pral gen responsabilite tou pou li kòmande nenpòt analiz nan laboratwa oubyen renouvèlman preskripsyon pou medikaman. Nap mande ankò pou ou pa sipoze rezilta yo soti nòmal si nou pa diskite yo spesifikman avèk ou.
8. N'ap fè tout efò posib pou nou angaje ou menm ak fanmi ou oubyen moun ki pwòch ou nan swen ou epi nan desizyon ki konsène swen ou epi nan elaborasyon plan tretman ou lan.

9. Nou genyen moun nan pèsònèl nou ki pale plizyè lang epi nou gen anpil eksperyans avèk divès kilti ak koutim. Nou gen aksè tou ak lòt moun ki kapab ede nou kòm entèprèt si pa gen moun nan biwo nou ki kapab pale oubyen konprann lang ou pale an. Silvouplè fè nou konnen si ou gen kèk preyokipasyon.

POU SEKIRITE OU

Sante ou ak sekirite ou ENPÒTAN ANPIL POU NOU. Oumenm, kòm pasyan, kapab jwe yon wòl ki kapab pèmèt ou veye aske swen ou bay an tout sekirite si ou patisipe aktivman nan swen ou resevwa yo.

Nou vle asire ou alèz pou ou fè tout bagay sa yo :

1. Veye pou pèsònèl nou genyen **nimewo telefòn ak adrès egzak ou** pou nou kapab jwenn ou nan yon ka ijans, pa egzanp, lè ou gen yon rezilta analiz ki pa nòmal e ki dwe trete anvan pwochen vizit ou.
2. Veye pou doktè yo ak pèsònèl enfimye an **konfime idantite** ou : se pou yo sèvi ak de (2) sous enfòmasyon diferan pou idantifye ou, pa egzanp non ou ak dat nesans ou, lè yo rankontre avè ou epi anvan yo ba ou nenpòt tretman oubyen anvan yo fè yon analiz oubyen yon entèvansyon. Ou te gen dwa yon pasyan nou pandan plizyè lane, men li enpòtan pou nou konfime idantite ou kan mèm pandan vizit ou.
3. Pa ezite pou di yon moun nan pèsònèl nou an si ou panse yo konfonn ou ak yon lòt pasyan.
4. Avèk anpil atansyon **li tout fòmilè ak tout papyè konsantman** pou entèvansyon yo epi asire ou byen konprann yo anvan ou siyen yo. Si ou pa konprann, mande doktè ou oubyen yon moun nan pèsònèl nou an eksplike yo ba ou.
5. Atann ou aske pèsònèl klinik nou **lave men** yo. Ou mèt alèz pou ou mande yo ki dènye fwa yo lave men yo.
6. Silvouplè ba nou tout enfòmasyon ki nesèsè pou ede nou ba ou pi bon swen ki posib. Pa egzanp, silvouplè veye pou ou ba nou tout enfòmasyon konplè e egzak sou pase medikal pa ou e pa fanmi ou, avèk non nenpòt ki medikaman ki preskri oubyen ki pa preskri ke wap pran.
7. **Poze nou kestyon sou dyagnostik ou epi sou tretman oubyen operasyon ki pwograme pou ou.** Si ou pa t' resevwa enfòmasyon ki ekri sou papyè e ou ta renmen gen enfòmasyon sa yo, se pou ou sèlman mande yo epi wap resevwa yo.
8. **Poze kestyon sou rezon ki fè nou mande ou pran yon medikaman oubyen nou ba ou yon preskripsyon,** epi sou reyaksyon advès ki posib avèk medikaman sa yo. Veye pou ou gen lis medikaman ki pi resan an. Si ou pa gen lis sa a, silvouplè mande nou epi nap enprime youn pou ou avèk plezi.
9. Anvan ou kite biwo nou an, veye pou ou byen konprann tout enstriksyon nou ba ou yo, epi pou ou pran randevou swivi an oubyen konnen kilè doktè an swete wè ou ankò.

Nou mande pou ou **PALE KLÈ** si ou gen kestyon oubyen preyokipasyon. Si ou pa konprann, poze kestyon ankò. Ou ba bezwen pè poze kestyon sou sekirite. Di nenpòt moun nan ekip nou si gen yon bagay ki pa parèt ou nòmal. Si yo pa reyisi kalme preyokipasyon ou, silvouplè mande pou ou pale ak yon moun nan administrasyon an oubyen ou kapab rele nan nimewo 305-252-4853. Nou se yon enstitisyon ki akredite, donk nou gen obligasyon pou enfòmasyon ou ke ou kapab kontakte Komisyon mikis la si ou pa satisfè ak jan nou reponn tou preyokipasyon ou sou sekirite.